

**ANALISIS KASALAHAN SINTAKSIS DINA TEKS PERSUASI MURID
KELAS VIII SMP NEGERI 40 BANDUNG**

ku

MUHAMMAD SYAMSUL MA'ARIF SUBEKTI

NIM 185030088

RINGKESAN

Panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun sabab-musabab kasalahan nulis kalimah dina téks persuasi kelas VIII SMP Negeri 40 Bandung, nalungtik rupa-rupa wangun kasalahan nulis kalimah, jeung usaha nyieun solusi pikeun ngurangan kasalahan nulis kalimah dina téks persuasi siswa kelas VIII SMP Negeri 40 Bandung. Téhnik analisis data panalungtikan ngagunakeun tiori Miles jeung Huberman dina Sugiyono. Méthode panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Dumasar kana hasil panalungtikan kapanggih 76 kasalahan nulis kalimah nu ngawengku 2 kasalahan kalimah teu subjék, 5 kasalahan kalimah teu prédiksi, 16 kasalahan kalimah teu subjék jeung teu prédiksi, 12 kasalahan rangkap subjék, 1 kasalahan antara prédikat jeung objék sisipan, 11 kasalahan kalimah anu teu logis, 9 kasalahan dina kalimah ambigu, 1 kasalahan ngaleungitkeun konjungsi, 12 kasalahan ngagunakeun konjungsi kaleuleuwihan, 4 kasalahan ngagunakeun kecap asing, 3 kasalahan ngagunakeun kecap pananya anu teu perlu. Dumasar kana hasil wawancara ka salah saurang guru basa Indonésia di SMP Negeri 40 Bandung, dicindekkeun yén anu jadi sabab kasalahan nulis kalimah dina téks persuasi siswa kelas VIII SMP Negeri 40 Bandung, nya éta siswa teu paham kana matéri. jeung teu ngalaksanakeun peniléyan atawa pamariksaan nulis kalimah dina karya siswa. Solusi pikeun ngurangan kasalahan nulis kalimah dina téks persuasi siswa kelas VIII SMP Negeri 40 Bandung nya éta nyieun vidéo pangajaran nu matak narik ati jeung ngalaksanakeun peniléyan atawa pamariksaan nulis kalimah dina karya siswa.

Kecap konci: Analisis, kasalahan sintaksis, teks persuasi.